# БАЯН ЖУМЫСЛАРЫ АРҚАЛЫ ОҚЫЎШЫЛАРДЫҢ ДӨРЕТИЎШИЛИК КОМПЕТЕНЦИЯСЫН АСЫРЫЎ

**Меҳрибан Қабулова**
*ТАТУ Нөкис филиалы ассистент –оқытыўшысы*

**Резюме:** *Мақалада улыўма орта билим бериў мектеплеринде, оқыўшылардың сөйлеў тили ҳәм жазба тилин раўажландырыў, олардың бир-бири менен байланысы хаққында тоқтап өтилген. Мектеплерде оқыўшылардың тилден керекли орында пайдалана алыўы, сөйлеў, жазыў көнликпелери ҳәр тәреплеме көрип шығылған.*

**Резюме**: *Статья посвящена развитию устной и письменной речи учащихся общеобразовательных школ, их взаимодействию друг с другом. В школах подробно рассматривается умение учеников использовать язык в нужном месте.*

**Резюме:** *Maqolada umumta’lim maktablarida o‘quvchilarning og‘zaki va yozma nutqini rivojlantirish, ularning bir-biri bilan o‘zaro munosabatiga e’tibor qaratilgan. Maktablarda o‘quvchilarning tilni o‘z o‘rnida qo‘llay olishi, nutq va yozish kundaliklari atroflicha ko‘rib chiqiladi.*

**Summary:** *The article focuses on the development of students' spoken and written language in secondary schools, their interaction with each other. In schools, students' ability to use the language in the right place, speech and writing diaries are considered in detail.*

**Таяныш сөзлер**: *сөз, сабақ, әдебият, раўажландырыў, үйретиў, усыл, аўызеки, жазба.*

**Калит сўзлар:** *so`z, dars, adabiyot, ishlanma, o`rgatish, metod, og`zaki, yozma.*

**Ключевые слова:** *урок, литература, развитие, обучение, методика, устная, письменная.*

**Keywords:** : *lesson, literature, development, teaching, methodology, oral, written.*

Қарақалпақ тили ҳәм әдебиятын оқытыў методикасында оқыўшылардың сөйлеў мәдениятын раўажландырыў ҳәм баян, шығарма жумыс өткериў арқалы жазба сөйлеў тилин жетилистириў eң зәрүрли методикалық мәселелерден есапланады. Бул мәселе бойынша белгили методистлер Е.Бердимуратов [1], С.Ахметов[2], Ә.Пахратдинов [3], А.Пирназаров[4], Р.Уснатдинова[5], Қ.Юсупов[6], ҳәм басқалардың методикалық мийнетлеринде пикирлер билдирилген.

Оқыўшылардың жазба тилин раўажландырыўда баян, шығарма жумыслары әхмийетли орынды ийелейди. Баян жумысы-оқыўшылардың сөйлеў хәм жазба тилин раўажландырыў үстинде исленетуғын жумыстың бир түри. Бунда оқыўшылар өзиниң дөретиўшилик уқыбын, қарақалпақ тили бойынша алған теориялық билимлерин дәслепки рет өзинше сынап көреди. Баян жазыў-бул оқыған, я

биреўден еситкенин аўызша, жазба түрде бериў, кинофильмде, спектакльде, экскурсияда көргенлериниң мазмунын жеткериў, еситкенлерин жазыў, оны екинши тәрепке жеткериў тағы басқа түринде болады. Баян киши көлемде пикирдиң мазмунын сақлап басқа биреўдиң ойын, пикирин, айтқанын, өзиниң көргени менен еситкенин айтып бериў менен шекленип қалмастан, оқыўшылардың логикалық ойын раўажландырыў, сөйлеў тили менен жазба уқыплылығын жетилистириў, сондай-ақ тәрбиялаў әҳмийетине ийе. Сонлықтан мектепте жүргизилетуғын баян жумысына көбирек әҳмийет берип, материаларды таңлаўда илимийлик, практикалық, тәрбиялық тәреплерине итибар етиледи. Жазба жумысы көп мийнетти хәм маақатты талап етеди. Онда сауатлылық хәм мазмун тийкарғы орынды ийелейди. Жазба жумысына төмендеги талаплар қойылады.

1.Хәр бир сөз, хәр бир пикир мазмунлы хәм автордың мақсетин иске асырыуға хызмет етиуи, сондай-ақ жумыстың ықшамлылық және избе-изликти сақлауы зәрүр.

2.Жазба жумысында пикир қызықлы, тыянақлы түрде баян етилиуи тийис.

3.Сөз етилген пикирлер тийкарында белгили жуумақ шығарыуға айрықша итибар берилиуи керек.

Жазба жумысының табыслы шығыуы ушын материал жыйналғаннан кейин оларды бир қәлипке салыу, жоба дүзиу, баянланатуғын уақыяның мазмунын таярлау, тема үстинде қайта ислеу хәм таза бетке көшириу керек.

Баян жазыўды үйретиўдиң өзине тән усыллары, этаплары бар. Дәслеп әдебий шығармалардан өзлери оқыған, көрген ҳәдийселери ҳаққында аўызеки баянлайды соң оны жазба түрде баянлаў этабына өтеди. Себеби жазба баянлаў аўызша баянлаўдан қыйын. Сонлақтан алды менен оқыўшыларды аўызеки баянлаўға шынықтырыў керек. Төменги класларда әдеп үйретиўши баян, кейин ала контроль баян өткериў талапқа муўапық келеди. Баянның барлық түрлеринде де оқыўшылар төмендегилер бойынша үлги алса болады:

1.Басқаның пикирин аўызша, я жазба формада системалы баянлай алыў;

2.Баянлаўдың избе-излигин сақлап, баслы нәрсени екинши дәрежелиден айыра билиў, баслы нәрсени таный алыў; айыра билиў жуўмаққа келиў, творчестволық үлес қосыў;

3.Баянлаўдың мазмунлығына ерисиў ушын ана тили бойынша алған билимин пайдалана алыў;

4.Баянлаўда тилдиң көркемлик қуралларынан пайдалана алыў, мазмунның толық, стильик жақтан дурыс берилиўине ерисиў.

Баян-мазмунына, мақсетине, көлемине, орнына, текстке қатнасына, берилиўине байланыслы, төмендегише болады:

1.Баян мазмуны бойынша-хабарлаў, жай баянлаў, образларға минезлеме бериў, ямаса қандай болмасын мақалаларды анализлеў формасында;

2.Мақсетине байланыслы-үйретиўши, қадағалаўшы түрде;

3.Көлемине байланыслы-қысқа хәм кеңейтилген түрде;

4.Жумысты орынлаў орнына байланыслы-үйде ҳәм класста;

5.Берилген тексте қатнасына байланыслы-тексттиң мазмунына жақын, ямаса еркин баянлаў формасында;

6.Жүргизиў алып барыў характерине байланыслы-аўызша хәм жазба түрде.

Муғаллим баян жаздырыў ушын төмендегилер бойынша таярлықлар көриўи тийис:

Баян жумысын өткериў мақсети: Оқыўшылардың ана тилин оқыў процессинде алған теориялық билимин әмелий иске асыра алғанлығын бақлаў. Олардың жазба түрде пикирлерин еркин түрде изленеўшилик пенен баянлай алыўын, жуўмақ жасаўын хәм сөйлеў уқыплылығын жетилистириў мақсетинде өткериледи.

Баян жумысын өткериў уазыйпасы: Баян жазғанда оқыўшыларды стилистикалық кемшиликлерге жол қоймаўға, орфографиялық хәм иркилис белгилеринен қәтелерди болдырмаўға үйретиў. Оқыған шығармаларына пикир айта билиў хәм жуўмақ шығарыў және ойларын избе-из баянлай алыў жолларын үйретиў. Айырым эпиграф хәм үзиндилерди орынлы жерлеринде пайдалана алыў мүмкиншилигине еристириў.

Сабақты қураллар менен тәмийинлеў:

1.Таярланған сүўретлер тийкарында баян жазыў.

2.Оқыўшылардың саяхат ўақтында алған тәсирлеринен.

3.Еркин тема тийкарында.

4.Сабақ процесинде өтилген темаларға байланыслы.

5.Оқыўшыларға белгисиз ( таныс емес) текст тийкарында.

Класста өткерилген баян жазыў жумысына байланыслы сүўрет, китап ямаса қолдан ислленген көрсетпели қураллар пайдаланылады.

Сабақта: Оқыўшыларды баян жазыўға таярлаў. Барлық оқыўшылардың дәптер хәм ручкаларының таярлығын көзден өткериў. Муғаллим оқыўшылардың дыққатын өзине аўдырыў, улыўма талқыланып отырған мәселе бойынша ой жуўмағын шығарыўға таярлаў.

Улыўма баян жазыў жумысы арқалы оқыўшылардың ана тилге ықласын хәм қызығыўшылығын арттырып, олардың сөзлерди дурыс жазыў, саўатлы ҳәм өз пикирин избе-из баянлай алыў қәбилетин қәлиплестириў керек. Сондай ақ, оқыўшылардың ой өрисин өсиремиз олардың жеке пикирин тыңлаймыз, аўызеки мәдениятын раўажландырамыз. Оқыўшылардың арасында тәбият хәм хайўанатлар менен байланысын арттырып, дослығын пайда етемиз.

Баян жазыў жумысына оқыўшылардың толығы менен қатнастырылыўына ерисиў-тийкарғы мәселелердиң бири болыўы тийис.

Шығарма жумысы хәзирги заман қарақалпақ мектеплериниң V-IX классларында X-XI классларында өткериледи. Бирақ V-IX классларда өткерилетуғын

шығарма жумысы менен жоқары X-XI классларда өткерилетуғын шығарма жумысларының арасында үлкен парық болады.

V-IX классларда баян менен қатар өткерилетуғын шығармалардың айырмасы, егер баянды оқыушы жазыушының ойын, ол жасаған образларды шығармалардағыдай етип өз сөзи менен жазып қайталаса, ол шығармада жазыуға тийисли болған темаға байланыслы оқыушы пикирлерин өзинше береди, Солай етип шығарма баянға қарағанда бир қанша творчестволық характер ийелейди.

**ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР:**


1. Бердимуратов Е., Пирниязов Қ. Орта мектеперде қарақалпақ тилин оқытыў методикасы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1988, – Б. 277-280
2. Пахратдинов А. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. – Нөкис: Билим, 2004, – Б. 107-109.
3. Юсупов Қ. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. –Ташкент: Сано-стандарт, 2018, – Б. 78 -80.
4. Уснатдинова Р. Ана тили сабақлығына методикалық көрсетпелер. Нөкис: Билим, 1994, – Б. 59-63.
5. Yusupov Q. Karakalpak literature reading methodology in academic lyceums. Nukus: Karakalpakstan, 2019. – P.45-46.
6. Konis A. Yusupov. Studying Forms of Teaching Karakalpak Poetry at Academic Lyceums. Eastern European Scientific Journal. Germany. Ausgabe, 3-2018. 72-75.
7. Konis A. Yusupov. Studying Karakalpak Poetry in Academic Lyceums by Various Methods in Class. Eastern European Scientific Journal. (ISSN 2199-7977). Germany. 1-2019. 83-85.
8. Yusupov K.A. Scientific and theoretical foundations of teaching Karakalpak literature at academic lyceums // Journal of Critical Reviews. (ISSN 2394-5125). – Vol 7, Issue 7, 2020. – №1. – P.P. 349-354 (https://www. scopus.com /sourceid / 21100920227.).
9. Yusupov K.A. Akademik litseylarda qoraqalpoq adabiyoti // Til va adabiyot ta’limi. – Тошкент, 2020. – №6. – Б. 40-41 (13.00.00. №8).
10. Yusupov K.A. Methods of teaching literary material at academic lyceums according to the program // Academicia. An International Multidisciplinary Research Journal (India). (ISSN: 2249-7137). – Vol. 10 Issue 5, 2020. – P.P. 1628-1634 (Impact Factor: SJIF 2020= 7,13).
11. Yusupov K.A. Curricula for teaching karakalpak literature. // Academicia: An International Multidisciplinary Research Journal https://saarj.com. Academicia ISSN: 2249-7137 Vol. 11, Issue 5, May 2021, Стр. 1069-1074. Impact Factor: SJIF 2021 = 7.492, 10.5958/2249-7137.2021.01525.1

12. Yusupov K.A. Scientific and methodological problems of studying karakalpak literature. //Asian Journal of Multidimensional Research (AJMR) https://www.tarj.in. ISSN: 2278-4853 Vol 10, Issue 5, May, 2021. Стр. 585-590. Impact Factor: SJIF 2021 = 7.699. 10.5958/2278-4853.2021.00451.1

13. Юсупов К.А. Изучение творчества Чингиза Айматова в академических лицеях // Til va adabiyot ta'limi. – Тошкент, 2021. – №7. – стр. 52-53 (13.00.00. №8).

14. Yusupov K.A., Seytjanov J.E. Problems of artistic psychologism in Karakalpak prose. Philosophical Readings XIII.4 (2021), pp.2054-2060.2054 10.5281/zenodo.5584439. Info@philsophicalredings.org

15. Юсупов К.А. Научно-методических основы преподавания каракалпакской литературы. Internaional Scienfiic Jounal Theoretical & Applied Scieence p-ISSN: 2308-4944 (print) e- ISSN:2409-0085 (online) Year: 2021 Issue: 11. Pp. 362-371. http://T.Science.org.

16. Юсупов К.А. К.Алламбергенов. Педагог шайыр лирикасы ҳәм тәлим-тәрбия мәселелери // Ilim ha'm ja'miyet. Нукус давлат педагогика институти журнали. – Нукус, 2021. – №4. – Б. 100-102. (13.00.00. №3)

17. Юсупов К.А Өсербай Әлеўовтың лирикасын үйрениў. «Әмиўдәрья» журналы, 2021, – №4, – Б. 63-68.

18. Юсупов К.А. Развитие устной культуры учащихся на уроках литературы // Til va adabiyot ta'limi. – Тошкент, 2022. – №1. – Б. 70-71 (13.00.00. №8).

19. Yusupov K.A. Umumiy o'rta ta'lim maktablarida qoraqalpoq adabiyotini o'qitish masalalari// Til va adabiyot ta'limi. – Тошкент, 2022. – №2. – Б. 17-18.

20. Yusupov K.A. Teaching students the metods of artistic depiction in Karakalpak prose. // Journal of Hunan University (Natural Sciences). Vol. 49. No. 04. April 2022. Page - 590-603.

21. Yusupov K.A. Methods of selection of Karakalpak Novels. // Journal of Positive School Psychology. (Scopus) Volume. 6, No. 4 (2022). Page - 26-30. ISSN: 7152-7159. http: journalppw.com.

22. Yusupov K.A. Learning Discussing the Epic Novels. // Eurasian Journal of Learning and Academic Teahing. Volume 7 I March 2022. Page - 26-30. ISSN: 2795-739X.

23. Юсупов К.А. Обучение основам письменной речи учащихся. // «PEDAGOGS» innernational research journal. Volume-7, Issue-1, April-2022. – Стр. 176-181.

24. Yusupov K.A. Theortical foundations of teaching Karakalpak literature. // GALAXY international interdisciplinary research journal (GIIRJ). ISSN (E): 2347-6915. Vol. 10, Issue 5. May, (2022). PP. 210-216.

25. Yusupov K.A. Qoraqalpoq adabiyotini úqitish masalalari // Journal of new century innovations. (WSRjournal.com), Volume - 5, Issue - 6. May, (2022). PP. – 113-122.

26. Юсупов К.А. Изучение произведений писателя на уроках литературы // Международный научно-образовательный журнал «Образование и наука в XXI веке». Выпуск №26 (том 4), май, 2022. – Стр. 196-201.

27. Yusupov K.A. Methodologu for analyzing iyrical works in literature lessons. // Miasto Przysztoǵci. (Impact Factor: 9.2). Vol. 26 (2022). Page - 200-208. ISSN: 2544-980X.

28. Юсупов К.А. Изучение творчества С.Мажитова в школе. //V Международный журнал научных исследований «Научный импульс». Выпуск №1 (том 1), 30 август, 2022. – Стр. 44-50.

29. Yusupov K.A. Methods of Teaching the Works of O.Satbaev in Schools. // Journal of intellectual prperty and human rights. Vol. 01Issue. September - 2022. Page – 44-53. ISSN: 2720-6882. https://juournals.academiczone.net/index.php/jiphr

30. Yusupov K.A., Jiemuratova A.S. Develorment of Oral and Written Speech of Students in Schools. // Journal of intellectual prperty and human rights. Vol. 01 Issue. September - 2022. Page – 56-66. ISSN: 2720-6882. http://juournals.academiczone.net/index.php/jiphr

31. Yusupov K.A. of Teaching Korakalpok literature // Central asian journal of literature, philosophy and culture. Vol. 03 Issue: 10 - 2022. Page – 75-85. eISSN: 2660-6828. https://cajlps.centralastudies.org

32. Юсупов К.А Образ Айдос бия в каракалпакской литературе. // I International science conference on multidisciplinary research, Abstracts of International Scientific and Practical Conference. Berlin, Germany January 19-21, 2021, стр. 766-769

33. Юсупов К.А Изучение в современной каракалпакской лирике. / III International science conference on e-learning and education, Abstracts of III International Scientific and Practical Conference. Lisbon, Portugal February 2-5, 2021, стр. 349-353.

34. Юсупов К.А. Изучение творчество Казакбай Юлдашева /V Международная научно-практическая конференция по новым тенденциям в науке и образовании «Theoretical and scientific bases of scieetific thought», 16-19 февраля, 2021 г., Рим, Италия, стр. 503-508.

35.Юсупов К.А. Оразбаев З.Ж.Академиялық лицейлерде А.Атажановтың прозасын үйрениў. /VI Международная научно-практическая конференция по фундаментальным наукам, искусству, бизнесу и образованию, интернет-технологиями и обществу. 23-26 февраля, 2021 г., Стокгольм, Швеция, стр. 443.

36.Юсупов К.А. Юсупова Ж.С. Академиялық лицейлерде Аббаз Дабылов лирикасын оқытыў технологиялары. /VI Международная научно-практическая конференция по фундаментальным наукам, искусству, бизнесу и образованию, интернет-технологиями и обществу. 23-26 февраля, 2021 г., Стокгольм, Швеция, стр. 431.

37. Юсупов К.А., Хожаметов Б.Б., Юсупов И.К. Академиялық лицейлерде Әжинияз шайыр лирикасын оқытыў технологиялары. /VI Международная научно-

практическая конференция по фундаментальным наукам, искусству, бизнесу и образованию, интернет-технологиями и обществу. 23-26 февраля, 2021 г., Стокгольм, Швеция, стр. 437-442.

38. Юсупов К.А. Юсупов И.К. Лирикалық шығармаларды оқытыў методикасы. /VI Международная научно-практическая конференция по фундаментальным наукам, искусству, бизнесу и образованию, интернет-технологиями и обществу. 23-26 февраля, 2021 г., Стокгольм, Швеция, стр. 469-474.

39. Юсупов К.А. Изучение литературных жанров. / VIII Международная научно-практическая конференция «Problems and tasks of modernity and approaches to their solution», 02-05 марта, 2021 г., Токио, Япония, стр. 198-203.

40. Юсупов К.А., Худайназаров М.К. Изучение творчества Аденбая Тажимуратова в академических лицеях. /IX Международная научно-практическая я конференция «Innovative technologies in science and education», 04-06 марта, 2021 г., Иерусалим, Израил, стр. 226-232.

41. Юсупов К.А., Мырзанбетов Д.П Изучение произведения писателя в академических лицеях. // IX Международная научно-практическая конференция «Innovative technologies in science and education», 04-06 марта, 2021 г., Иерусалим, Израил, стр. 233-238.

42. Юсупов К.А., Алламбергенова Минайым. Изучение творчества Кали Жуманиязова в академических лицеях. /IX Международная научно-практическая конференция «Innovative technologies in science and education», 04-06 марта, 2021 г., Иерусалим, Израил, стр. 239-243.

43. Юсупов К.А. Изучение творчества Конысбай Камалова в академических лицеях. // IX Международная научно-практическая конференция «Innovative technologies in science and education», 04-06 марта, 2021 г., Иерусалим, Израил, стр. 250-256.

44. Юсупов К.А., Оразбаев З.Ж. Изучение произведения Мамбеталы Кайыпова в академических лицеях. // IX Международная научно-практическая конференция «Innovative technologies in science and education», 04-06 марта, 2021 г., Иерусалим, Израил, стр. 257-264.

45. Юсупов К.А., Керуенов Т. Организация и проведение педагогической практики в академических лицеях. // X Международная научно-практическая конференция «Topical issues, achieverments and innovations of fundamental and apppitd scieences», 09-12 марта, 2021 г., Лиссабон, Португалия: стр. 215-220.

46. Юсупов К.А. Изучать разборы эпических произведений в академических лицеях. /X Международная научно-практическая конференция «Topical issues, achieverments and innovations of fundamental and apppitd scieences», 09-12 марта, 2021 г., Лиссабон, Португалия:

47. Юсупов К.А., Академиялық лицейлерде көркем шығармаларды оқытыў технологиялары. /X Международная научно-практическая конференция «Topical

issues, achieverments and innovations of fundamental and apppitd scieences», 09-12 марта, 2021 г., Лиссабон, Португалия: стр.237-242

48.Юсупов К.А. Жазыўшылардың дөретиўшилик психологиясы. / XIII Международная научно-практическая конференция «Development of modern science: theeory, meethology, practice», 18-19 марта, 2021 г., Мадрид, Испания: – стр. 180-185.

49. Юсупов К.А. Использование современных педагогических технологий в преподавании каракалпакской литературы / Материалы Международной научно-практической конференции. «Татарская иитература и культура в контексте взаимодействия национальных литератур и искусств». Казанский федеральный университет, 26-27-марта, 2021 г. Стр.356-362.

50.Юсупов К.А. Изучение творчества Сапа Матчанова. /XV Международная научно-практическая конференция «The world science of modernity. Problems and prospects of development», 25-26 марта, 2021 г., Париж, Франция: стр. 170-175.

51. Юсупов К.А. Инновационные технологии в обучении каракалпакской литературе /Материалы Международной научно-практической конференции. «Татарская поэзия и культура второй половины XX начала XXI века». Казань, 26-28 апреля, 2021 г. Стр.341-346.

52. Юсупов К.А. Қарақалпақ прозасында миллий психологияның сәўлелениўи. /«Түркий филологияның әҳмийетли мәселелери» атамасындағы халықаралық илимий-теориялық конференция материаллар топламы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2021, 113-118-бб.